

Yon prensip pwodiktivite Travay di



“Travay di, ou va vin yon lidè; fè parese epi w p ap janm reyisi.” Pwovèb 12:24

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Travay. . . kounye an se preske yon move mo. Jounen Jodi nou vle yo lonje tout bagay bannou. Travay di, se youn nan pi bèl kalite nou va jwenn nan yon moun. Se sa ki pote siksè nan vi nou, kominote nou ak nasyon nou. Bontravayè, grantravayè toujou konsènen sou zafè kantite ak kalite epi zafè pwodiksyon. Yo vin valab anpil pou nenpòt konpayi oswa òganizasyon paske yo pwodiktif. Pwovèb la di, “travay di epi w va vin yon lidè...” Men poukisa:

Lespri grantravayè se sou fè bagay yo mache. Lè y ap travay yo wè lòt bagay ki bezwen fèt, epi yo fè yo tou. Kòm yo fokis sou pwodiksyon yo vin kreyatif. Yo cheche travay ak fason pou li fèt pi byen e pi vit. Sa va rapòte yo yon pwomosyon, e anvan lontan yo va vin direktè.

Bonjan etik travay se youn nan kalite ak valè ki va fè yon gran nasyon; men nan lemonn jounen jodi a yo p a menm pèmèt youn ede lòt pou fè travay la avanse. Genyen moun ki va di nou, “Se pa responsabilite pa nou.” Yo pwomèt fè nou jwenn plis pandan n ap travay mwens. Kounye an nou vle travay mwens epi touche plis—genyen kantite lè ki pi piti, plis benefis, vakans ki pi long, plis

konje. Nou vle sue mwens pou plis lajan. Ala yon trajedi. Li pa etonan si nou nan pwoblèm. Nou pèdi youn nan pigwo bagay nou te genyen, « anvi travay ». Poukisa lè nou jwenn yon djòb nou sispann cheche travay? Sistèm wèlfè ak sistèm sipò nou yo rann nou depandan epi parese. Sistèm sipò sa yo te kreye pou yo te ede moun pandan yon tan, yo p a t fè li pou nou te depann de li pou nou viv.

Genyen twa (3) avantaj nou va jwenn lè nou se grantravayè:

1. Sekirite: paske nou va mete konfyans nou nan Bondye epi talan nou devlope, olye nan pwogram gouvènman.
2. Richès: Paske nou va kontinye ap ogmante valè nou ak salè nou.
3. Bonè: paske nou konnen nou merite pozisyon nou nan lavi epi eksperimante pwogrè.

Genyen yon lwa nan lavi: nenpòt bagay ki pa mache, yo va ranje l oswa jete l. Lwa sa a valab pou moun tou. Si nou p a travay-- oswa nou pa vle travay---yo abandone nou epi yo rejte nou. Jezi te di, “Si sèl pèdi gou li (oubyen valè li), li vin pa sèvi anyen epi yo va jete li.” Nou dwe pran valè pou yo akseptè nou. Nou genyen yon gwo opòtinite nan lemonn nan jounen jodi. Travay di, travay pibyen pase lòt yo, fè travay yo p ap fè epi w va vini non sèlman yon lidè mentou yon espès ra yo va chèche. Si w vle genyen yo bon lavni, travay di.

Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè: Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Travay se yon opòtinite Bondye bannou e ki toujou disponib, menm lè pa genyen djòb.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete